Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 12 (9804) / 1 апрель 2019 с. / итни 26 Ражаб 1440 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Цадахъ хӀалтӀизе ккола

21 марталда райадминистрациялда тӀобитӀана терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул суалазда хурхараб данделъи. Гьеб данделъиялде гӀахьаллъана - районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев, гьесул заместитель И.Б. Салимханов, республикаялъул миллатазда гьоркьоб политикаялъул министрасул тӀоцевесев заместитель Гь.ГӀ. Давыдов, районалъул прокурор М.М. Халилов, районалъул имам А.-р. А. Качалаев, лъайкьеялъул управлениялъул начальник М-р.И. МахӀамаев, ЖамгӀияб палатаялъул председатель ХӀ.А. Адимирзаев, рагъул ва захӀматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГӀ. МухӀамадхӀабибов, росабазул имамзаби администрациябазул бутӀрул.

Гьенив докладгун кӀалъазе вахъана И.Б. Салимханов. Докладалда тӀасан гьабураб кӀалъаялда ХӀ.ХӀ. Мусаевас абуна: **«Щаклъи гьечӀо, росабазул администрациябазул бутӀруз, диниял,**



**жамгӀиял гӀуцӀабаз, цадахъ рекъон, х1алт1и гьабулеб бук1иналда ва гьеб хадусанги гьединго гьабизе бук1иналда. Щивав инсанас цӀунизе ккола пачалихъалъул законал, ва гьелъ хӀурмат гьабизе ккола т1олазулго»**, -ян.

Жиндирго кӀалъаялда, райадминистрациялъул информационниял технологиязулгун ихтиярал цӀуни ч1езабиялъул отделалъул начальник Б.С. Нуцаловас баян кьуна, законалда экстремизмалде ва терроризмалде дандечӀеялъе ругел т1алабазул.

«**Пачалихъалъ терроризмалде ва экстремизмалде данде къеркьеялъе гӀуцӀарал комиссиябазул хӀалтӀуде хасаб к1вар буссинабун буго. Гьединлъидал х1алт1и гьабизе ккола, цадахъ рекъон, росабазул имамзабигун жамгӀиял гӀуцӀабаз.**

**Россиялъул КОАПалда, чӀванкъотӀун, рихьизарун руго территориалиял АТКязул хӀукмаби тӀурачӀезе гьаризесел тамихӀал. Лъилниги ихтияр гьечӀо гьеб хӀалтӀудаса нахъегӀан къан чӀезе.**

**«БакӀазда АТКялъул комиссиябазул председателаллъун руго росабазул администрациябазул бутӀрул, гьезда бараб буго гьеб хӀалтӀи хӀасил кьолеб къагӀидаялда гӀуцӀи»**, - ян абуна гьес.

Гьединго, данделъиялъул халгьабиялде босун букӀана мажгитазул, мадрасазул ихтиярал чӀезарулел документал рукӀинариялъул суалги.

Гьеб суалалда тӀасан бицен гьабуна ГО ЧСалъул отделалъул начальник И.Х. МухӀамадовас.

Жиндирго кӀалъаялда районалъул прокурор М.М. Халиловас кӀвар бугеблъун рикӀкӀана бакӀазда имамзабаз росабазул администрациябазул бутӀрузе гьабулеб бугеб кумек ва терроризмалде данде къеркьей гьабиялъул хӀалтӀиялде гьоркьоре жамгӀиял гӀуцӀаби ц1азе кколеблъи.

Жиндирго кӀалъаялда районалъул имам АхӀмадрасул Качалаевас абуна: **«Дида, ракӀчӀун, абизе кӀола бакӀалъул властаялъул ва росабазул имамзабазул дандеккунгутӀи гьечӀин. Нижеда т1адаб буго ислам щиб кколебали гӀадамазда бичӀчӀинабизе. Терроризмалъул идеологиялде данде къеркьей гьабиялъулъ росабазул имамзаби ккола администрациябазул бутӀрузе кумекчагӀилъун, гьез, гьединго, жаваб кьезе ккола щивав жамагӀатчиясул»**,-ан.

Данделъиялъул ахиралда ХӀ.ХӀ. Мусаевас абуна: **«Ниж кидаго хӀадурал руго нужгун дандчӀвазе, нужехъ гӀенеккизе ва цо пикруялде рач1ине»**,-ян.

*И. ИДРИСОВ.*

## Райадминистрациялда

26 марталда райадминистрациялда тӀобитӀана аппаратаалъул иргадулаб данделъи. Гьенив, 2018 соналъ росдал магӀишаталъул хӀалтӀухъабаз магӀишатиял бутӀабазда гьабураб хӀалтӀул хӀасилазул ва 2019 соналъ ихдалил рекъабазде бугеб



хӀадурлъиялъул бицун кӀалъазе вахъана росдал магӀишаталъул Управлениялъул начальник Залимхан ГӀалиев.

Данделъиялде гӀахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀерасул заместитель З.Н. Эмеев, росабазул администрациябазул бутӀрул, магӀишатиял бутӀабазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хӀалтӀухъаби.

Докладалда тӀасан кӀалъазе рахъана – **«БагӀараб Октябрь»** СПКаялъе, **«Дылымское»** ГУПалъе нухмалъулел: ГӀарацхан ГӀабдулаев ва ГӀабдулатӀип МухӀудинов.

Гьенир, культураялъул Министерствоялъул ХӀурматалъул грамотаялдалъун кӀодо гьавуна ЦТКНРалъул хӀалтӀухъан Рамазан Гъаницев, райадминистрациялъул ХӀурматалъул грамотабаздалъун - Каримула Тилахъаев, Алмахъ росдал библиотекаялъул хӀалтӀухъан Наида Расулова ва лъималазул искусствоялъул школалъул завуч АхӀмад Свадрудинов.

Гьединго, **«ЗахӀматалъул хъулухъалъухъ»** ва **«Россиялъул чанахъабазулгун ччугӀихъабазул гӀуцӀиялъе - 60 сон»** медаладалъун кӀодо гьавуна Казбекалъул районазда гьоркьосеб чанахъабазулгун ччугӀихъабазул гӀуцӀиялъул председатель Дада ХӀ. Эмеев.

## Байрамалда хурхун,..

Гьал къояз культураялъул хӀалтӀухъанасул Къо кӀодо гьабун, ЦТКНРалда, «**РекӀел асарал лъикӀ гьариялъул устарзаби**» абураб цӀаралда гъоркь, тӀобитӀана конкурс.

Гьенире гӀахьаллъана - Гертма, Гуни, Дилим, Хубар росабазул ва Дубки поселокалъул культураялъул хӀалтӀухъаби.

Данделъиялда кӀалъазе вахъарав районалъул культураялъул отделалъул начальник Ибрагьимов Абубакар Камильгереевичас гьениб абуна: «**Россиялъегун Дагъистаналъе нухмалъулез кӀудияб кӀвар кьолеб буго культура цебетӀезабиялде, гьелъул даража борхизабиялде. Культураялъул хӀалтӀухъан вукӀине ккола цогияз жиндаса мисал босулевлъун.Нилъецаа хӀаракат бахъизе ккола умумузул лъикӀал гӀадатал, хьвада-чӀвадиял гӀолеб гӀелалъухъе кьезе ва, гьезул кьучӀалда, битӀараб нухде гьеб ккезабизе. Къокъгьабун абуни, нилъерго мисалаздалъун, гӀолеб гӀелалъулъ ВатӀаналде, халкъалде рокьи бижизабизе, гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал гьезда гьоркьор рукӀинаризе**»,-ян



Гьединго, баркиялъул рагӀабигун кӀалъазе яхъана культураялъул Централъул директор Зумрат МухӀамадова. Гьелъ баркала кьуна тӀадехун рехсараб конкурс тӀобитӀиялъе квербакъарал ва гьелъул жигараб гӀахьаллъи гьабурал - Рапият МухӀамадовалъе ва Бурлият ГӀусмановалъе.

ГӀумруялъул батӀи - батӀиял рахъал жанире рачарал номераздасан гӀуцӀараб гьеб конкурсалда тӀоцебесеб бакӀалъе мустахӀикълъана – Гуниялъул, кӀиабилелъе - Дубкиялъул ва лъабабилелъе - Гертмаялъул культураялъул хӀалтӀухъаби.

Призалъулал бакӀал росаразе гьенир кьуна дипломал ва къиматал сайгъатал.

Данделъи бачана Рисалат Сурхаевалъ ва МухӀаммад Дудуевас.

*А. ДИБИРОВА.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# *РАСПОРЯЖЕНИЕ*

***27.03.2019г. 83 с. Дылым.***

## О проведении месячника по благоустройству поселений района

В целях улучшения санитарно-эпидемиологического состояния населенных пунктов района:

1. Объявить в районе с 1 апреля по 1 мая 2019 года месячник по благоустройству и улучшению санитарно-эпидемиологического состояния населенных пунктов.
2. Утвердить план мероприятий согласно приложения № 1
3. Утвердить районный штаб по организации и проведению месячника согласно приложения № 2
4. Главам поселений, руководителям хозяйств, предприятий организаций и учреждений района до 1 апреля представить в районный штаб планы по проведению месячника для согласования.
5. Контроль исполнения распоряжения возложить на заместителя главыадминистрации МР **«Казбековский район»** Эмеева З. Н.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.***

Приложение № 1 __

Утверждено распоряжением___

от «27» марта 2019 год.

# *ПЛАН*

**мероприятий по проведению месячника по санитарной очистке, благоустройству и озеленению территорий сельских поселений МР МР «Казбековский район»**

| № п/п | Наименование сельских поселений | Наименование мерприятий | Ответственный |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1 | сельское поселение с. Дылым | Уборка территорий, гравирование улиц, побелка деревьев, посадка саженцев, побелка фасадов административных зданий, обновление дорожных знаков и рекламных щитов, очистка русла рек, скверов .территории парка, ликвидация незаконных мусоросвалок | Глава администрации, коммунальные службы ЖКХ, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители села |
| 2 | сельское поселение с. Ленинаул | Уборка территорий, гравирование улиц, благоустройство площадок, побелка бордюров, посадка саженцев, благоустройство газонов, обрезка кустарников, уборка склонов обрывов и берегов русла р. Акташ. Ликвидация несанкционированных свалок и мест складирования строительных материалов. Уборка спортивного стадиона и вокруг спортивных залов. | Глава администрации, коммунальные службы ЖКХ, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители села |
| 3 | сельское поселение с. Калининаул | Уборка территорий, гравирование улиц, посадка саженцев, озеленение газонов, побелка и прокопка деревьев, приведение в порядок мусоросвалки. | Глава администрации, коммунальные службы ЖКХ, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители села |
| 4 | сельское поселение с. Гуни | Уборка территорий, очистка русла рек Акташ, Саласу, побелка и прокопка деревьев, приведение в порядок мусоросвалки. Ремонт водопроводной трассы, ремонт родников. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, предприниматели; жители села |
| 5 | сельское поселение с. Инчха | Уборка от мусора приусадебных участков и прилегающей территории, ремонт ограждений, очистка охранных зон родников, побелка и прокопка деревьев, приведение в порядок мусоросвалки, | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители села |
| 6 | сельское поселение с. Гертма | Уборка территорий, посадка саженцев, побелка и прокопка деревьев, благоустройство территории села, водоемов. Приведение в соответствие с санитарно – эпидемиологическим требованиям участков выделенных под полигоны твердых бытовых отходов. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, жители села |
| 7 | сельское поселение «Сель совет Хубарский» | Уборка территорий, включая территории лесного массива, гравирование улиц, посадка саженцев, озеленение газонов, побелка и прокопка деревьев, очистка русла родников, ремонт памятника участникам ВОВ. Ликвидация несанкционированных мусорных свалок, приведение зданий ограждений в надлежащий вид. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, жители села |
| 8 | сельское поселение с. Буртунай | Уборка территорий, гравирование улиц, посадка саженцев, озеленение газонов, побелка и прокопка деревьев, приведение в порядок мусоросвалки, реставрация памятника участникам ВОВ. Санитарная очистка кладбища. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители села |
| 9 | сельское поселение с. Алмак | Уборка территорий. гравирование улиц, побелка и прокопка деревьев, приведение в порядок мусоросвалки, ремонт памятников. Ликвидация незаконных мусорных свалок, санитарная уборка кладбища. Очистка от мусора береговой полосы реки Акташ. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители села |
| 10 | сельское поселение «Сельсовет Артлухский» | Уборка территорий, ремонт ограды кладбищ, побелка и прокопка деревьев, побелка фасадов административных зданий, ремонт памятников, перекопка клумб и посадка саженцев. Побелка помещения медпунктов в населенном пункте с.Туршунай. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, жители села |
| 11 | сельское поселение с. Гостала | Уборка территорий, ремонт памятника участникам ВОВ побелка и прокопка деревьев, благоустройство автодороги. | Глава администрации, руководители организаций и учр-й, жители села |
| 12 | городское поселение пос. Дубки | Уборка территорий, очистка скверов и парка побелка деревьев, посадка саженцев, побелка фасадов административных зданий, обрезка, омолаживание и прокопка деревьев. Приведение в надлежащий вид здания учреждений и организаций. | Глава администрации, коммунальные службы, руководители организаций и учр-й, предприниматели, жители поселка |
| 13 | Организация, учреждения района. | Уборка своей и прилегающей территории, текущий ремонт здания (штукатурные, побелочные, покрасочные работы). Побелка, прокопка и обрезка деревьев. Участие в дне чистоты, уборка закрепленного за собой участка. | Руководители и работники организаций учреждений. |

***Рагъул бахIарзазе даимаб рецц «Конкурс-2019».***

# Изну гьечIо кIочон тезе

Дир кIудияв вац ИсмагIил (жиндир мунагьал чураяв) Хасавюрталъул горводпроводалда слесарьлъун хIалтIулев вукIана. Гьес цо къоялъ дида абуна: **«Нижер дове хIалтIизе вачIун вуго нилъер росуцояв, Алмахъалдаса Жаватхан абулев чи. Гьев ккола КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи ва гьес рицуна рагъда хурхарал гIажаибал лъугьа- бахъинал»,**-ан.

Дица вацасда гьарана Жаватханица жиндирго хIакъалъулъ бицараб (щиб букIаниги) бицеян.

Цо хIалхьи гьабизе чIараб заманалда Жаватханица гьадин бицанаянги абун, вацас бицана: **«Нижер ротаялъул чIел букIана Польшаялъул цо росдада гIагарлъухъ, щибаб къойил ниж ругьун гьарулел рукIана кьвагьдезе, гранатаби рехизе, гьединго, нижеца рухъулаан окопал ва траншеял. Дунгун рагъулаб хъулухъалда вукIана цо магIарулав, Кавказалдаса цоги чи нижгун вукIинчIо. Гьев магIарулав вукIана къокъаб лагаялъул, чорхолъа загIипав чи. (Гьев киса ва цIар дида ракIалда чIечIо).**

**Нижее кьолеб квен-тIех букIана цIакъ мукъсанаб, къокъгьабун абуни, нижее гIорцIизегIан квен щолароан. ХIалхьиялъе кьурал минутаз дун гьесухъе щолаан. Саламги кьун, дун тIаде щварабго,гьев, саламги нахъ буссинабун, тIаде вахъунаан. Цо нухалда дида гьев ватана гIодов вегун. Кидаго гIадин, гьес салам нахъ буссинабуна, амма гьев тIаде вахъинчIо. Гьес дида абуна: «Жаватхан, ракъуца дир рухI тIагIунеб ва канлъи дагьлъулеб буго.**

**Дида ратун рукIана ччугIил рукьби. Гьел консервабазул банкаялъуреги рехун, гьализеги гьарун лъугьараб лъим гьекъезе лъугьунев вукIана дун, амма мун вачIунев вихьидал, нечон, гьеб банка гъоркьеги ккезабун,вегун чIун вукIана»,**-ян. **Гьеб бакIалда дун диего гьедана, къаси гьев чиясе щиб букIаниги кваназе жо балагьичIого чIеларин ва къаси кватIараб заманалда, цадахъ ругезда вихьилареб хIалалда, чахьида хъурщун, гIагарда букIараб росулъехун ана. БетIергьаби жеги кьижичIел яги гьаби дида хIапулел рукъзалги гьоркьор тун, хьвадулев дида цо рукъалъул гордуда лъун бихьана чед. Бекун цIергун, дица гьеб чед гьениса босана ва, добго хIалалда, тIадвуссана. Рукъалъул бетIергьабаз ахIи-хIур гьабурабани, яги командиразда лъарабани, лъутизе къасд гьабунин,ялъуни хъамалчилъиялда ватанин хIукмуги къотIун, дун нилъеразго чIвазеги бегьулаан,амма гьеб дида кIочене гьабуна гьев магIаруласда ракI бухIиялъ. Чадил цо гьитIинаб кесек дицагоги кванан, хутIараб дица гьев магIаруласухъе кьуна. «Циндаго тIолабго кванаге, гьелъ мун квешаб ахIвал-хIалалде цIазе бегьула»,** -янги абун, дун нахъе ана.
**Нижер хIадурлъиялъул халги гьабун, ниж батIи-батIиял рахъазде ритIана, гьараниги, цадахъги течIо. Сахлъи ва чорхолъ къуват букIиналъ дун ккана разведкаялъул ротаялде. ГIемераб гIакъуба бихьана, цIеханиги, дов магIаруласул къисмат дида лъазе кIвечIо»,**-ян.

Доб заманалда дунялалда бищунго къуватаблъун рик1к1унеб бук1ана фашистазул Германиялда тIад бергьенлъи боси, гьай-гьай, бигьаяб иш букIинчIо.

Нилъер гIадамаз хIехьезе ккана ракъи-къеч, квач ва цогидалги захIмалъаби. БагIараб Армиялъ, И.В. Сталинил бетIерлъиялда, накалда лъуна Германия. ВатIаналде, халкъалде бугеб рокьиялъ, цоцалъ букIараб гъункиялъ, гьудуллъиялъулгун вацлъиялъул бухьеназ кIвана нилъер халкъалда бергьенлъи босизе.

Абула, чIагоязда хварал кIочараб заманалда чIолин къиямасеб къоян. КъанагIатабги хъизан хутIичIо нилъер улкаялда рагъул кьог1лъи лъач1еб. Лъиего изну гьечIо доб рагъул бахIарзал кIочон тезе.

**Нилъей изну гьечIо гьел кIочон тезе,**
**Гьел нилъер ракIазулъ рукIина даим.**
**ВатIан цIунаразе хвел букIунаро,**
**Расулил къункърабалъ рукIина бакI ккун.**

***Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ, Хасавюрт шагьар.***

# НИЖЕЕ РЕС ЩВАНА...



Гӏадатлъун лъугьун буго, умумулги ах1ун, районалъул реабилитационнияб Централда бат1и-бат1иял тадбирал тӏоритӏи. Гьединазул цояблъун букӏана дагьал церегӏан къояз гьениб тӏобитӏараб тадбирги. Гьенире гӏахьаллъарал умумузе рес букӏана, ахадаса тӏараде щвезегӏан, гьениб жидер лъималазул гӏумруялъул хал гьабизе. Гьенир хӏалтӏулел руго бажари бугел, жидер махщел бокьулел ва лъималазде рокьи цӏикӏкӏарал специалистал. Сакъатал лъималазул сахлъи цӏуниялъе, гьезул жиделъ ругел махщелал церетӏезариялъе, цоцалъ гьуинлъи букӏинабиялъе Централда чӏезарун руго киналниги шартӏал.

Централъул хӏалтӏухъабаз гьабулеб хӏалтӏи, гьай-гьай, буго цӏакъ захӏматаб, щай абуни, гьел хӏалтӏулел руго хьвадизе, кӏалъазе ва гь.ц. гьабизе захӏмалъаби дандчӏвалел лъималгун, ай, сакъаталгун. Сахлъи бугеб гӏолеб гӏелгунцин хӏалтӏизе захӏматаб гьаб заманалда, сакъаталгун хӏалтӏи гьаби ккола бахӏарчияб ишлъун. Гьурмада гьимигун, хӏеренаб кӏалъайгун руссуна Централъул хӏалтӏухъаби лъималаздехун. Гьез берзукьа биччаларо цониги лъимер, балагьаразда ккола гьел киналго цо хъизаналъул ратилин.

Хӏалтӏухъабаз лъазабун буго жиб-жиб лъимералъулъ бугеб махщел ва гьеб церетӏезабиялда тӏад,кӏвахӏтун, гьел хӏалтӏулелги руго. Лъималазе гьениб чӏезарун руго- тӏагӏамаб квен,расанкӏаби хӏаялъе, махщел цебетӏезабиялъе батӏи-батӏияб къайи-цӏа ва гь.ц. Хӏалхьиялъул заман тӏаде щвезегӏан лъимал рукӏуна сунде рукӏаниги машгъуллъун. Гьелде тӏадеги, гьенир лъимал ругьун гьарула хьвада-чӏвадиялъул, гара-чӏвари гьабиялъул, столалда нахъ тӏгодорчӏеялъул къагӏидабазде.

Умумул рачӏун рукӏин бихьарал лъималаз цӏакъ хӏаракат бахъулеб букӏана лъикӏаб рахъалдасан жалго рихьизаризе. Гьезул рохелалъ, гьурмазда бихьулеб разилъиялъул кунчӏиялъ бицунеб букӏана Централда тӏамулеб гӏумруялда гьел рази рукӏин.

Узухъда, гьеб идараялда цӏакъ лъикӏ хӏалтӏи гӏуцӏун букӏин ккола гьелъул директор Фатима Султанмурадовалъул бетӏерлъиялда,жинца гьабулеб ишалдехун жавабчилъи цӏикӏкӏараб ва гьункараб коллективалъул хӏалтӏул хӏасил.

Гьенире щвеялдалъун, нижее рес щвана лъималазул гӏумруялде батӏияб балаялъ ралагьизе, гьеб букӏана нижее дарслъун.

Бокьун буго ракӏ-ракӏалъулаб баркала загьир гьабизе реабилитационнияб Централъул тӏолабго коллективалъе,гьаризе гьелъие щулияб сахлъи, рохел, талихӏ ва гьабулеб ишалъулъ битӏккей.

Умумузул рахъалдасан - *Мадина МУХӀАМАДГӀАЛИЕВА, Зарема БАЯЛИЕВА, Ирина ХӀАДАЕВА, ва Алла ХӀАЖИЕВА.*

***Инсан ва гӀумру***

## Биччанте гьанжесеб гӏелалъги вацлъи цӏунизе

***(Байбихьи 11-аб номералда).***

Рохьил хал гьабизе Мичӏикӏкӏалахъе арав Юсуп тӏадвуссунев вукӏуна. Гьев рекӏуна чачанасул **«Волга»** автомашиналда. Гьеб авариялде ккола ва Юсупги цо

Ингишиса чиги гьенир гӏумруялдаса ратӏалъула, Авария ккеялъул хабар рагӏуна Байтерикалъа чачаназда. Гьезда ккун буго жидер чияс чӏварав Юсупил вас хваравин, гьедин бицун букӏуна гьезие. Кин букӏун батаниги, чачаназул тӏубараб жамагӏат бачӏуна зигара базе, бихьулищ, гӏасруялъ тӏечӏо чачаназулги Юсупилги тухумазул бухьен.

Доб заманалда, Юсупил яц Хӏабизатие бокьухъе, чачанав чӏваравани, букӏинароан нижедаги чачаназдаги гьоркьоб, гӏасруялдасаги цӏикӏкӏун халалъараб гьуинлъигун гьоболлъи, гьельул гӏаксалда, букӏинаан цоцазде рекӏелцӏей ва жахӏдаллъи. Юсупил эбелалъул сабруялъул гьветӏалъ жакъаги кьолеб буго **«пихъ»**. Щай дица гьаб макъала хъвараб? Гьаб буго гӏала-гъважа гӏемераб, цоцазухъ гӏадамал гӏенекулареб ва жахӏда-хӏусуд цӏикӏкӏараб заман. ГьитӀинабцин лъугьа-бахьин **«гӏочӏодаги»** чӏван, цо-цоял лъугьунел руго кьал бекьизе, гьелъул хӏасилалда, кколел руго биял тӏеялъулцин хӏужаби. Нильеда кӏочон толеб буго: **«Сабру- Алжаналъул кӏул»**, -ан абураб, Мухӏаммад Аварагасул (свалялагьу гӏалайгьи ва салам) хӏадис.

Умумуз абула хӏайваналдацин лъикӏлъи кӏочонарин. Лъикӏаб букӏина дагӏба-къец, кьал дорегӏанги тун, гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал церетӏезариялъе хӏаракат бахъани, гьез нилъ киданиги квешаб рахъалде риччазе гьечӏо.

Дир эбелгун гьавурав Гӏабдулхӏамидил эбел-эмен хун руго. Гьев вукӏун вуго Дагъистаналдаго машгъурав гӏалимчи. (Гьес дида яцалъул васин абулаан). Гьес цо нухалъ дида гьикъана: **«Дуда дурго к1одоэбел (Хамиз-баба) лъалищ»,-ан. «Дида гьелъул гьумер лъаларо»**,-ян дица жаваб кьедал,гьес абуна: **«Нилъее гьелъул шафагӏат щваги»**,-ян ва тӏаде жубана: **«Дун, рухӏ бахъизегӏан, гьелъул къаданив Къуръан цӏалулев вукӏана ва рухӏ босулелъул, рукъалъул ункъабго букӏнида нур чӏана»**,-ян. Гьединал гӏадамал гӏемер рукӏана нилъер умумуза гьоркьор.

Гӏемерав чи цӏализе гьавуна ГӏабдулхӀамидица. Динияб гӏелму гуребги, гьесда лъалаан математика, астрономия, география ва гь.ц. Гьес рагьизабуна 1956 соналъ Аргъваниб мажгит, гьев вукӏана дибирлъунги.

ГӏабдулхӀамидие цӏакъ бокьулароан рецц-бакъ,гьес загьир гьарулароан жиндирго лъайгун гӏакълу.

Букӏаги гӏолеб гӏел, умумуздасан мисалги босун, сабруяблъун,гьудул-гьалмагълъи, вацлъи цӏунулеблъун ва Ватӏан бокьулеблъун. Кьеги нилъ тӏолазего Аллагьас иман.

*М-запир ГӀАБДУЛМАНАПОВ, Данухъ росу.*

# Калининаулалда данделъи



25 марталда Калининаул росдал библиотекаялда тӏобитӏана, культураялъул хӏалтӏухъанасул Къоялда хурхун, рохалилаб данделъи.

Гьенире гӏахьаллъана - райбиблиотекаялъул директор Зульмира Адилмирзаева, отделалъул начальник Ажабика ГӏабдулмуслимоваГӏабдулмуслимова, росдал бетӏер Хӏажи Хӏажиев, гьоркьохъеб школалъул директор Зумрут Коргъолаева, жамгӏиял хӏаракатчагӏи: Айтемир Сатираев, Ниязбег Къасуев, Умалат Гӏабдулатӏипов, **«Чапар»** газеталъул бетӏерав редактор Мухтар Чупалаев ва цогидалги жавабиял хӏалтӏухъаби.

Гьеб данделъиялда кӏалъазе рахъарал- З. Адилмирзаевалъ, Хӏ. Хӏажиевас ва Н. Къасуевас культураялъул хӏалтӏухъабазда баркана профессионалияб байрам ва гӏемерал соназ, ракӏбацӏад ва кӏвахӏтун, гьабураб хӏалтӏиялъухъ библиотекаялъе нухмалъулей Патӏимат Мухӏамадовалъе кьуна Дагъистан Республикаялъул культураялъул ва печаталъулгун информациялъул министерствабазул, росдал администрациялъул рахъаздасан Хӏурматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Гьединго, Цогояб информцентралъул Баркалаялъул кагъаталдалъун кӏодо гьаюна Ленинаул росдал библиотекаялъул директор Капият Салманова ва Дагъистан Республикаялъул печаталъулгун информациялъул Министерствоялъул Хӏурматалъул грамота кьуна **«Чапар»** газеталъул штаталда гьечӏей мухбир, Калининаул росдал школалъул мугӏалим, Россиялъул журналистазул Союзалъул член Сайгибат Герехановалъе.

Данделъи бачана Калининаул росдал администрациялда цебе гӏуцӏараб харабазул Советалъул председатель Динуч Динаевас.

*СалихӀ САЛИХӀОВ, Гъизилюрт шагьар.*

***Ниж - наркотиказде данде***

# «Гургинаб» стол тӏобитӏана

20 марталда районалъул Централияб библиотекаялъул цӏалдолезул залалда тӏобитӏана, **«Лъазабе, киб хвел бичулеб бугебали»** цӏаралда гьоркь, **«Гургинаб»** стол.



Гьенире гӏахьаллъана-ОМВДялъул начальникасул ишал тӏуралев М-рашад Асадулаев, районалъул прокурорасул кумекчи Шамиль Мухӏамадов, районалда бугеб муфтияталъул рухӏияб лъайкьеялъул отделалъул хӏалтӏухъан Исламдин Темирбулатов, бетӏерав нарколог Хӏабиб Латӏипов, ОМВДялъул участокалъулав инспектор Биярслан Юсупов, **«Казбек районалъул гӏолилал», «Хасавюрт шагьаралъул гӏолилал»** гӏуцӏабазул председателал: Ахӏмад Иманшапиев ва Камал Гӏабдулаев, РУОялъул вакил Гӏабдулатӏип Латӏипов, библиотекаялъул хӏалтӏухъаби, Дилим росдал лицеялъулгун гимназиялъул чӏахӏиял классазул цӏалдохъаби ва цогидалги.

Кӏалъазе рахъарал - М.р. Асадулаевасул, Ш. Мухӏамдовасул, И. Темирбулатовасул, Хӏ. Латӏиповасул, А. Иманшапиевасул, Б.Юсуповасул, К. Гӏабдулаевасул, Гӏ. Латӏиповасул ва цогиязулги кӏалъаязулъ **«багӏараб»** мухълъун унеб букӏана - гӏолеб гӏелалъе битӏараб тарбия кьеялъе, гьеб мекъаб нухде унгутӏиялъе гьарулел хӏалтӏабазде кӏвар буссинабизе ва тӏоритӏулел ишазулъе гӏахьаллъизе гӏолилал цӏазе ккей.

Тадбир нухда бачунев М-хӏабиб Мухӏамадхӏабибовас гӏолилал ахӏана тӏахьал цӏалиялде, гьедин гьабиялъ нужер лъай, битӏун хъвай, гӏумруялдехунисеб бербалагьи лъикӏлъизе ругоян абуна гьес.

Тадбир тӏобитӏиялъулъ жигараб гӏахьаллъи гьабуна Ажабика Гӏабдулмуслимовалъ.

*Зульмира АДИЛМИРЗАЕВА, Дилим росу.*

# Спорт - инсанасул сахлъи

## Рогьел зарядкаялдасан байбихье!



Гьединаб цIаралда гьоркь, 21 марталда Дилим росдал **«Салавюртспорт»** площадкаялда тIобитIана, РДялъул гIолилазул Министерствоялъулгун **«Гьекъолареб Россия»** жамгIияб гIуцIиялъул бихьизабиялда рекъон тIобитIулеб, эстафеталъулаб акция. Сергохъала районалъ нилъер районалъухъе эстафеталъ кьураб гьеб акция тIобитIиялъе бетIерлъи гьабуна **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер XI.XI. Мусаевас ва цIар рагIарав спортсмен Рамазан Эмеевас.



Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъулгун гIолилазда гьоркьор ишал тIоритIиялъул комитеталъул хIаракатчилъиялда тIобитIараб гьеб акциялда гIахьаллъана - **«Салавюртспорт»** гIуцIиялъул, МДЮСШялъул коллективал, лицеялъулгун гимназиялъул цIалдохъаби, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва жидее спорт бокьулел.

**«Гьаб акция ккола гIолеб гIелалъул спорталде рокьи бижинабиялъе лъикIаб мисаллъун. Жидее спорт бокьулел ва гьеб тIобитIизабиялъулъ кIвахI гьечIел гIадамал гIемер руго нилъер районалда. Нилъ чIухIарал руго киса-кибего жидер цIар рагIизабурал нилъер спортсменаздаса»**,-ян абуна XI.XI. Мусаевас.

РДялъул гIолилазда гьоркьоб политика бильанхъизабиялъул министрасул кумекчи, **«Гьекъолареб Россия»** гIуцIиялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъе нухмалъулев Шамиль ГIалиевас лъикIаб къимат кьуна районалъе нухмалъулез спорт цебетIезабиялъе гьабулеб хIалтIуе ва гIолилазул гIуцIабазулгун чIезабун бугеб бухьеналъе.

Зарядкаялдаса хадуб акциялъул гIахьалчагIаз чIана **«Казбеклесхоз»** гIуцIиялъ рачIарал накIкIил ва гьадил 150 гъветI. МДЮСШялъул боксёраз тIоритIана рихьизариялъулал хIаялги.

Гьелдаса хадуб эстафета кьуна МухIарамкент ва Гумбет районахъегун **«Хъиргъу»** тукахъе.

## Грэпплингалъул турнир

22-24 марталда М.М. Гlазаевасул спортшколалда тIобитIана Дагъистаналъул грэпплингалъул турнир.

(**Грэпплинг –хIаталдаса ун, унтизабиялъулгун гъанкъиялда хIинкъиккеялъул цо-цо къагIидаби жиндилъ гьукъараб ва цоги кинабго бегьулеб гугариялъул тайпа).**

Россиялъул спорталъул мастер (рагъулаб самбо) Шахрудин Мутуев ракIалдещвезавиялда хурхинабураб, **«Казбек районалъул гIолилал»** гIуцIиялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб ва районалъул администрациялъ жиндир рахъ ккураб гьеб турниралда гIахьаллъана 354 спортсмен.

Гьезда гьоркьор рукIана - Россиялъул, Европаялъул ва дунялалъул чемпионалги. Турниралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана-районалъул бетIер XI.XI. Мусаев, РДялъул муфтиясул тIоцевесев заместитель ГIабдулла Аджимоллаев, имам АхIмадрасул Качалаев, РДялъул патриотазул Ассоциациялъул председатель Шамиль ГIабдулхIажиев, МахIачхъалаялъул спорткомитеталъул председатель Марат Ибрагьимов, цо ккурал къагIидаби чIезарун гьечIел къеркьеязул дунялалъулго чемпионал: Рамазан Эмеев ва ТIагьир Уланбеков, дунялалъулго (Панкратион) чемпионал: Муслим ва Мурад МахIмудовал, Грэпплингалъул ункъцIулго дунялалъул чемпион ГIабдулжалил Адилов, эркенаб гугариялъул халкъалда гьоркьосеб классалъул мастер Заирбег Музаров, Европаялъул (Ушу- саньда) чемпион Къурбан Ибрагьимов, Европаялъул (Грэпплинг) чемпион Шамиль МухIамадов, гIолилазул гIуцIабазе нухмалъулел ва спорт бокьулел.

Турнир гIуцIараз гьенир чIезарун рукIана киналниги хIажатал шартIал. Спортсменаз, жиде-жидер цIайиялда, гьенир рихьизаруна гъоркьехун рехсарал хIасилал:

**62 кг.1.** МухIамад Темиев, **2.** Чармигула Сираждинов ва **3.** МухIамад МухIамадов (МахIачхъала).

**66 кг. 1.** ХIасан Темеев, **2.** ГъазимухIамад Тагьаев (МахIачхъала), **3.** Шахрудин Адильгереев (Гумбет район).

**71 кг. 1.** ХIусейн Джамалов, **2.** Къурбан Къадиев (МахIачхъала), **3.** Рамазан ХIасанов (Ибрайхановасул школа).



**77 кг. 1.** ГIабдурахIман ГIалимухIамадов (Хасавюрт), **2.** Умалат-хIажи Зайнудинов, **3.** Шамиль ХIажиев (МахIачхъала).

**84 кг. 1.** МухIамад ГIабдулкъадиров(Шамиль район), **2.** Мурадис Улубиев (Дилим), **3.** ХIабиб Садулаев (МахIачхъала).

**92 кг. 1.** Дибир Загьиров (ГIахьвахъ район), **2.** Мурадбег МухIамадов, **3.** МухIамад Набив (МахIачхъала).

**92 кг. тIадехунисеб цIайи.** 1. МухIамад Биларов, **2.** Руслан ГIабдулаев, **3.** Шамиль Ибрагьимов (МахIачхъала).




Бергьенлъи босаразе гьенир кьуна- чемпионазул ручлул, медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал. 2-аб ва 3- аб. бакIал ккуразе - медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал. 84 кг. цIайиялда бергьарасе чIезабун букIана хасаб приз-тайпа лъикIаб чу. Гьеб кьун букIана **«Югснаб»** фирма гIуцIарав Имам ЛатIиповас. ТIадехун рехсарал призазде тIаде, спонсоразул рахъалдасан, гьенир кьуна цогидал призалги.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе - турнир гIуцIаразе, спонсоразе ва Шахрудин Мутуевасул гьудулгьалмагъзабазе гIага-божаразе.

***Ибрагьим БУЛАТХАНОВ.***

## Конкурсалъул лауреат



25-26 марталда Мах1ачхъалаялда т1обит1араб **"Ч1агояб классика-2019"** конкурсалъул регионалияб этапалда (гьеб конкурсалъул 1- аб. этапалда ккарал х1асилазул х1акъалъулъ хъван бук1ана 11 мартала биччараб **"Чапар"** газеталъул 11 гьумералда) лауреатлъун яхъана Ичк1а росдал гьоркьохъеб школалъул 8-аб. классалда ц1алулей Урайсат Аминова.

***Джамиля Г1АБДУЛАХ1ИТОВА, ИМЦялъул методист.***

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат 05 АА №0033894 о полном среднем образовании, выданный Калининаульской средней школой в 2007 году на имя **Исмаиловой Марьям Джаватхановны,** считать недействительным.

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94 Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова, Сапият Султанмух1амадова Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова. Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2 Индекс: 51354 Заказ №220 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*